

# Boston Universal Pre-K: Yon Rezime sou Lane 2022-2023




Lekòl Matènèl Inivèsèl (Universal Pre-Kindergarten, UPK), se yon pwogram ke Vil Boston finanse e ki pwomèt pou l founi divès bonjan kalite chwa lekòl matènèl siperyè gratis bay timoun Boston ki gen laj twa ak katran. Modèl lekòl matènèl inivèsèl (UPK) Boston an ofri menm pwogram kalite siperyè yo nan plizyè kalite tip anviwònman : nan Lekòl Piblik Boston yo (BPS), lekòl endependan yo, gadri timoun pou fanmi yo, ak sant kominotè yo.

Piblikasyon sa a souliye enpak pwogram nan pandan ane skolè 2022-2023 a.

## Yon Rezime òf yo pou Ane Skolè 2022-2023 a


Pandan ane skolè 2022-2023 a, modèl lekòl matènèl inivèsèl Boston an (UPK) te ofri **4.614 plas** nan plizyè kalite anviwònman :

### Breakdown of UPK Seats By Setting



## Popilasyon ki te resevwa sèvis pandan ane skolè a

● Lekòl BPS yo      ● Sant kominotè yo ak lekòl endependan yo



## Ekspansyon (Elajisman) Konsèy Fanmi an

Konsèy Fanmi Edikasyon Timoun Piti a « Early Childhood Family Council » (ECFC) se yon espas pou fanmi yo patisipe nan pwosesis priz desizyon pwogram etid la, regleman yo, ak pwosedi yo pou pwogram Lekòl Matènèl Invèsel la. Pou lapremyè fwa, **ECFC a te elaji pou enkli divès founisè swen (5 antou) pou timoun ki te diplome nan pwogram UPK yo e ki fè pati lekòl BPS yo aktyèlman**. Mezi enklizyon sa a ki enkli paran BPS yo vize gen reprezantasyon paran nan tout nivo klas nan Depatman Edikasyon Timoun Piti a (depi nan klas matènèl K0 jiska klas 2yèm ane) pou **ankouraje divès eksperyans ki aliyen avèk afè lekòl**.

### Revizyon pwogram etid « Focus On Pre-K » la (ki vle di : « Konsantrasyon sou Lekòl Matènèl »)

Yo te arive idantifye pwogram etid *Focus on Pre-K* la kòm youn nan entèvansyon ki pi solid, ke yo pwouve ki gen plis konstans parapò redikasyon mankman nan reyisit nan tout peyi a\*. Apati ane skolè 2022, ekip konsepsyon pwogram etid la te antrepran yon **egzaminasyon okonplè de strikti, tèks, ak eksperyans aprantisaj pwogram etid la, pandanke li t ap bay priorite a aliman pou ofri timoun yo ak fanmi yo yon trajektwa aprantisaj swa, san pwoblèm, pou yo kab sot nan yon nivo klas ai nan yon lòt ki pi siperyè** ak pou kreye divès pakou klè pou edikatè sila yo ki bay timoun yo sipò pandan plizyè ane. Anplis, **nou te arive mete ajou e elaji divès tèks ak divès resous pwogram etid pou rekònèt, afime, e selebre divès idantite divèsifye timoun Boston yo e pou soutni diferansyasyon pou divès elèv divèsifye**.

### Ekspansyon (Elajisman) Lekòl Matènèl Invèsel (UPK) pou enkli Founisè Gadri Timoun pou Fanmi yo

Pou lapremyè fwa, UPK te elaji pou **finanse divès plas nan pwogram Gadri Timoun pou Fanmi yo « Family Child Care » (FCC)**. Pou asire ke nou t ap reponn a bezwen patikilye yo, UPK ak Vil Boston te kreye Gwoup Travay Gadri Fanmi an, ki te enkli 20 lidè Gadri Timoun pou fanmi, ansanm ak divès lòt patnè UPK. Gwoup travay la te mete tèt ansanm pou devlope yon **gid enplemantasyon ak modèl finansman Gadri Timoun pou Fanmi UPK ki te kreye espesyalman pou yo, ki pou pran an konsiderasyon bezwen patikilye Gadri Timoun pou Fanmi yo (FCC)**.

« Jiskisi li se yon eksperyans mèveye (...) ki bay divès paran ak fanmi yon vwa (yon dizon) ak yon platfòm pou konprann konpleksite modèl lekòl matènèl invèsel la (UPK), pou yo kab pataje reyaksyon yo sou tout aspè pwogram nan, epitou selebre timoun nou yo ansanm rann nou kapab gen yon patenarya solid. Pliske kounye a pitit mwen yo nan Lekòl Piblik Boston, mwen santi m ekipe pou m kapab yon defansè solid e ranpli ak enèji pou m kontinye patisipasyon m nan lekòl yo, menm jan m t ap fè sa lè m te avèk UPK »

Sarah Olia

Paran 2 elèv UPK ak manm ECFC pandan 3 ane

« Nou te travay ansanm avèk manm pèsonèl lekòl matènèl invèsel la pou akonpli divès objektif pou n gen yon sal de klas matènèl nan ti bizinis piti nou an, avèk yon konpreyansyon sou fason nou opere yon sal de klas ki gen timoun plizyè laj ladan I. Yo te pran swen enkyetid nou yo nan chak reyinyon e yo te toujou konfime konpreyansyon nou sou enpòtans edikasyon timoun piti, ni nan kominote a ni lakay nou (...) Lekòl Matènèl Invèsel la te arive founi divès opòtinite ak resous ke n kapab itilize pou amelyore pwogram nou yo e pèmèt nou opòtinite pou n grandi ni edikasyonèlman ni finansyèman ; divès opòtinite ak aksè nan fòmasyon sa yo pandanke nou nan gwoup travay la te defini pèspektif mwen ak eksperyans mwen antanke yon edikatè timoun piti.

Emmy Romero

Manm Gwoup Travay Konsepsyon FCC UPK la ak Founisè UPK aktyèl la

\*Divès enpak yon Pwogram Matènèl gen sou Matematik, Langaj, Alfabetizasyon, Fonksyon Egzekitif, ak Konpetans Emosyonèl yon timoun », Weiland and Yoshikawa, Child Development, 2013 (\*Impacts of a Prekindergarten Program on Children's Mathematics, Language, Literacy, Executive Function, and Emotional Skills”, Weiland and Yoshikawa, Child Development, 2013).